Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 9 (25982)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 20 январ — тъæнджы мæйы 20 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ИУМÆЙАГ АРХАЙД
Æхсæнадон штаб

3 ЦÆГАТ – ХУССАР
"Рæстдзинад"-ы уазæг — газет "Хурзæрин"

4 СФÆЛДЫСТАДОН БАСТДЗИНÆДТÆ
"Фатимæ" æмæ "Парфюмер"

Æртæвæрсыг къамис

Социалон-фæллойадон ахастдзинæдтæ

Цæгат Ирыстоны бюджетон къабазы кусджытæн сæ мызд афойнадыл фыст æрцыд, хæстæ никæмæй дарынц. Уый тыххæй Социалон-фæллойадон ахастдзинæдтæ нывыл кæныны æртæвæрсыг къамисы æмбырды уыд йæ раныхас Профцæдисты федерацийы сæрдар КАСАТЫ Таймуразæн.

Æмбырд амыдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, архайдтой дзы профцæдисты æмæ куыстдæтджыты минæвæрттæ. Касаты Таймураз рæгъмæ рахаста Цæгат Ирыстоны æппынкъаддæр мызды тыххæй регионалон разыдзинады проект. Куыд бафиппайдта, афтæмæй мах стæм, бюджетон къабазы мызды хæстæ чи не 'руадзы, Уæрæсейы уыцы регионты 'хсæн.

"Мах уыцы бæрæггæнæнтæм цыдыстæм цалдæр азы, кæддæр фарста лыггонд æрцыд. Нæ иумæйаг куыстæн уый тынг ахсджиаг хатдзæг у. Кæцыдæр къабæзты æрмæстдæр ныхас цыд мызды бæрц фæфылдæр кæныныл. Ацы аз уыцы хъуыддаг дæр къухы бафтыд, культурæйы, ахуырады, бюджеты къабазы рахызтыстæм мызд фидыны ног хуызтæм", — загъта Профцæдисты федерацийы сæрдар.

Мызд фидыны фарстайы фæдыл радзырдта республикæйы Фæллойы паддзахадон инспекцийы разамонæг **Берозты Тамерлан**. Æмбырдмæ ма рахастой РЦИ-Аланийы Профцæдисты федерацийы, республикæйы куыстдæтджыты иугонды æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады 'хсæн разыдзинады æртæвæрсыг проект 2024-2026 астæм. Документ уæлдай æргом здахы фæллойы базары рæзтмæ, æгуыст адæмæн баххуыс кæнынмæ, фæллойы æдасдзинады уавæртæ саразынмæ.

Касаты Таймураз куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй разыдзинады проект мызд фæфылдæр кæныны, æфтиæгты рæзты, æмæ фæллойгæнæг адæмы социалон æгъдауæй хъахъхъæныны фарстатæ рæгъмæ хæссы. Уым бынат ссардтой социалон æмæ фæсивæдон политикæйы æмархайд, кусджыты æдасдзинад æмæ æнæниздзинад. Документы фыст æрцыдысты куысты уавæртæ фæхуыздæр кæныны, промышленнон æмæ экологон æдасдзинады домæнтæ.

Хицауады Сæрдар куыд радзырдта, афтæмæй иумæйаг куыст баст у кæронбæттæн хатдзæгимæ. "Кæрæдзи фехъусæм, æмбарæм, цы минæвæрттæ архайынц æмбырды, уыдоныл æппæт фарстатæ дæр сты зындгонд. Иумæйаг фæндæттæ фæбæрæг уыдзысты. Æртæвæрсыг къамисы уæнгтæ 10 бонмæ равзардзысты проекты социалон-фæллойадон ахастдзинæдтæ нывыл кæныны фадæттæ. Сæ фиппаинæгтæ бахæсдзысты, уый фæстæ проект бафысдзыстæм", — загъта Дзанайты Барис.

Уый ма Финансты министрадæн, районты разамонджытæн бафæдзæхста, цæмæй сæ цæст дарой, паддзахадон æмæ муниципалон кусджытæм мызд куыд хæццæ кæны, уымæ. Иугæр хæстæ ис, уæд уыдæттæ фехъусын кæныны тыххæй хъуамæ куса комкоммæ телефон. Æппæт уыцы хабæрттæ хъуамæ хæццæ кæной Æртæвæрсыг къамисы уæнгтæм æмæ Фæллойы паддзахадон инспекцимæ.

Æмбырды байхъуыстой "Промышленникты æмæ амалхъомты цæдис"-ы сæрдар **Хъодзаты Аланмæ**. Уый радзырдта 2023 азы куысты бæрæггæнæнтыл. Куыд загътой, афтæмæй сæйрагдæр у иумæйаг куысты размæдзыд бахъахъхъæнын. Дзанайыдзинæдтæ нывыл кæныны фадæттæ. Сæ фиппаинæгтæ бахæсдзысты, уый фæстæ проект бафысдзыстæм", — загъта Дзанайты Барис.

Уый ма Финансты министрадæн, районты разамонджытæн бафæдзæхста, цæмæй сæ цæст дарой, паддзахадон æмæ муниципалон кусджытæм мызд куыд хæццæ кæны, уымæ. Иугæр хæстæ ис, уæд уыдæттæ фехъусын кæныны тыххæй хъуамæ куса комкоммæ телефон. Æппæт уыцы хабæрттæ хъуамæ хæццæ кæной Æртæвæрсыг къамисы уæнгтæм æмæ Фæллойы паддзахадон инспекцимæ.

Æмбырды байхъуыстой "Промышленникты æмæ амалхъомты цæдис"-ы фырты ныхасмæ гæсгæ, республикæйы ис дзæбæх инвестицион уавæр, амалхъомтæ уыдæттæ æмбарынц. "Бирæ проекттæ царды æнтысынц, фондз дзы сты раззагдæртæ, уыдонæн радтой 65 миллиард сомы. Фæзындзæн нæм 7 мин ног куысты бынаты. Федералон æмæ регионалон æххуысы мадзæлттæй дæр пайда кæнæм, туризм рæзы. Аразын сын хъæуы дзæбæх фадæттæ. Уыцы ран Æртæвæрсыг къамисы архайд ахсджиаг у", — загъта Хицауады Сæрдар.

Æркастысты ма æндæр нысантæм дæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Программæ

Грант райстам

Цæгат Ирыстонæн радтой 298 милуан сомы бæрц грант æнæтæхæг авиацион системæты уæлæмхасæн хайæдтæ байгом кæнынæн. Ацы хабар республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ телеграм-каналы фехъусын кодта.

"Республикæ архайы национ проект "Æнæтæхæг авиацион системæтæ"-мæ хауæг программæ "Фыдыбæстон æнæтæхæг авиацион системæтæй пайда кæнынмæ разæнгард кæнын"-ы. Проекты архайынц республикæйы æппæт районтæй 18 скъолайы æмæ Цæгат Кавказы аграрон-технологон колледж. Проекты архайæг алы скъолайæн дæр балхæндзысты 12 милуан сомы, колледжæн та — 60 милуан сомы аргъ ифтонггæрзтæ. Ацы аз æнæтæхæг авиацион системæты къабазы уæлæмхасæн æмæ астæуккаг профессион ахуырады программæтæ æппынкъаддæр 950 адæймагыл цæмæй æххæссой, ууыл бацархайдзыстæм," — фыссы республикæйы Сæргълæууæг.

Регионы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, фæстæдæр фæсивæдæн уыдзæн сæ зонындзинæдтæй хъæууон хæдзарады, арæзтады, инфраструктурæмæ цæстдарды, картæарæзтады, видеокуыстад æмæ æндæр къабæзты спайда кæныны фадат.

("15-æм регион")

Юбилей

"Хурзæрин"-ы тынтæ æнусмæ рæвдауæд дыууæ Иры

"Хурзæрин"-ы газет акасти йæ сæдæ азы сæрты. Нæ фыдæлтæ-иу искæмæн арфæ куы кодтой, уæд-иу загътой: "Дæ сæдæ азы сæрты акæс!" Æмæ-иу искæуыл сæ арфæ куы æрцыд, уæд-иу сæ цинæн кæрон нал уыд. Æгас Ирыстоны уарзон газет "Хурзæрин" ныр 100 азы дæргъы хæссы хабархæссæджы тырыса. Уый у уæззау хæс, фæлæ кадджын хъуыддаг.

Газет ахызт йæ дыккæгæм æнусы къæсæрыл æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы: дарддæр дæр хæсс фарны хабæрттæ æмæ райгонд у дæ газеткæсджытæй. Цыфæнды мыхуыры фæрæзæн дæр йæ хъысмæты фыст ис хæдзарæй-хæдзармæ, сыхæй-сыхмæ, хъæуæй-хъæумæ ирон адæммæ фарны хабæрттæ хæссын. "Хурзæрин" уыцы хæс кæддæриддæр æххæст кодта æнтыстджынæй, æмæ уымæ гæсгæ дзыллæ цин кодта йæ алы номырыл дæр. Хуссар Ирыстон бирæ зындзинæдтæ бавзæрста йæ азфысты мидæг. Ахæм рæстæг-иу газеты ирвæзынгæнæг хъæлæс дзыллæйы кæрæдзимæ æнгом æрбалæууын кодта æмæ-иу уæд фервæзтысты рохуаты уацарæй.

"Хурзæрин"-ы тынтæ арф хызтысты Иры кæмттæм Хуссарæй-Цæгатмæ æмæ-иу схъарм кодтой адæмы зæрдæтæ. Газеты фыццаг номыртæ кæсгæйæ, адæймаджы зæрдæ байдзаг вæйы бузныгад æмæ сæрыстырдзинадæй. 1924 азы тъæнджы мæйы фыццаг бон "Хурзæрин"-ы фыццаг номыр куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ Леуахийы уылæнтæ бирæ дон ахастой денджызы къæбицмæ. Абон йæ номыры нымæц схæццæ 20 минмæ. Уыдонæй алкæцыдæр у XX-XXI æнусты азфысты сыф — йæ цин æмæ хъыджы хабæрттимæ. Газет кæддæриддæр уыдис царды гуылфæнты, донæн цыдис йæ æрфыты æмæ уый тыххæй 1974 азы, йæ фыццаг юбилейы къæсæрыл,

Aly bustaty proletærtæ, sinit!

XÚRZÆRIN

№ 19 Сæвæрæм. 26 и

KOMINTERNY 5-M KONGRESS.

X.-I. Коммун

хорзæхджынгонд æрцыд "Кады нысан"-ы орденæй. Мыхуыры фæрæзæн ивд цыдис йæ ном ("Коммунист", "Советон Ирыстон", "Хуссар Ирыстон", фæстæмæ "Хурзæрин"), фæлæ нæ ивта йæ ахаст æмæ йæ бæрндзинад адæмы раз. Сæдæ азы дæргъы газетæн разамынд лæвæрдтой бирæ разагъды лæгтæ: **Плиты Арон, Беджызаты Чермен, Уалыты Димитр, Гасситы Ислам, Годжыцаты Ясон, Зассеты Филипп, Голоты Владимир, Цхуырбаты Никъала, Джиоты Солæман, Куымæридтаты Алыксандр, Тедеты Павел, Мулдарты Таймураз, Хуыгаты Анатоли, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Харебаты Леонид, Гæбæраты Юри, Цгъойты Аринæ, Биазыты Роланд.** Уыдонæн сæ фарсмæ лæууыдысты, сæ курдиаты тых ирдæй кæмæн зындис, ахæм фæлтæрдджын мыхуыры кусджытæ.

Цыфæнды национ газетæн дæр йæ хъысмæт æнгом баст у, цы адæмæн лæггад кæны, уыдонимæ. "Хурзæрин" дæр кад æмæ радимæ æххæст кодта уыцы уæззау, фæлæ бæрнон хæс. 1989-2008 азты газет тохгæнæг дзыллæйæн ссис ныфсы мæсыгы хуызæн. Развæдсгарæгау тырныдта, уынгæджы уавæрты цы хъæутæ уыдысты, уыдоны цæрджытæм. Æмæ сæм хаста рæстдзинады хабæрттæ, лæвæрдта сын ныфс фидæныл æууæндынмæ. Уыцы азты йæ алы номыр дæр цыдис къухæй-къухмæ æмæ сын хаста зæрдæрухсы тæлмæнтæ. Уымæ гæсгæ йæ рауадзыныл зын уавæрты æхсарджынæй куыстой типографийы кусджытæ.

Рæстæг дугъон бæхæй уæлдай нæу. Фынддæс азы размæ Уæрæсе банымадта Хуссар Ирыстоны хæдбардзинад. Уый дзыллæйы зæрдæйы бауагъта стыр ныфс æмæ йын срухс кодта йæ фидæны фæндаг. "Хурзæрин"-ыл дæр хур æркаст æмæ йæ хуыз скалдта. Йæ кусджытæ бахаудысты уæлтæмæнады уылæнты æмæ зæрдæрухсдæрæй бавнæлдтой сæ бæрнон куыстмæ. Республикæйы уавæр хуыздæрæй-хуыздæр кæй кодта фæстаг дæсазоны, уый дæр хорзæрдæм фæзынд газеты уавæрыл. Фæзындис журналистты ног фæлтæр æмæ ныфс бауагътой "Хурзæрин"-ы фидæны тыххæй. Уæдæ сын ног компьютерон техникæ сæ къух кæй фæрæуæгдæр кодта, уый дæр банымайын хъæуы хорзыл. Бæрæгбон фидауы лæвæрттæ æмæ арфæтæй. Æмæ уымæ гæсгæ юбиляræн нæ зæрдæ зæгъы, фыццаджыдæр, æнæниздзинад æмæ сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ йæ кусджытæн. **"Хурзæрин"-ы тынтæ æнустæм рæвдауæд дыууæ Ирыстоны дæр.**

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ

Бæрæггæнæнтæ

Цæгат Ирыстон — раззагдæрты хыгъды

Цæгат Ирыстон ис, национ проекты сæрæнæй чи архайы, уыцы раззагдæр регионты хыгъды. Уый тыххæй фехъусын кодта Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдары хæдивæг Марат ХУСНУЛЛИН, 2023 азы куысты бæрæггæнæнтæ кæм бахыгътой, регионалон рæзты Хицауады къамисы президиумы (штабы) уыцы æмбырды.

Национ проекттæ æмæ федералон программæтæ ивгъуыд азы царды уагъд куыд цыдысты, уый тыххæй дзургæйæ, Хицауады Сæрдары хæдивæг фæбæрæг кодта, инфраструктурон бюджетон æмæ къазнайы сæрмагонд æфстæуттимæ архайгæйæ, куыст бæрзонд æмвæзадыл кæй цыди.

— Æппæт регионтæ дæр сæрæнæй архайынц национ проекттыл, фæлæ се 'хсæн ис раззагдæрты къорд, кæцытæ сæ куысты хъæд дзæвгар фæбæрзонддæр кодтой. Уыдон сты Нижегородаг, Иркутскы облæсттæ, Буряты æмæ Цæцæны республикæтæ, Республикæ Цæгат Ирыстон-Алани. Уыдонæй уæлдай ма 31 регионы ивгъуыд аз равдыстой хуыздæр бæрæггæнæнтæ федералон программæтылкусгæйæ, æмæ уын бузныг, уый иттæг хорз бæрæггæнæн у, — загъта Марат Хусну лли н.

Уый ма бахаххкодта, дарддæр 2030 азмæ коммуналон инфраструктурæйы рацарæзты комплексон программæйыл куыст кæй цæуы, æмæ æмбырды архайджытæн бафæдзæхста, цæмæй иудадзыг цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куыст бæрзонддæр æмвæзадмæ сисыныл æмæ йæ рацарæзтыл архайой. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Форум-равдыст

Нымæцон рæзтимæ баст нысантæ

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг ÆГЪУЫЗАРТЫ Мурат æмæ республикæйы Нымæцон рæзты комитеты сæрдар ГÆХАТЫ Даниил архайдтой Дунеон форум-равдыст "Уæрæсе"-йы Нымæцон хъуыддаг райтындзыны бонты.

Хъуыддаджы программæ бацæттæ кодта Уæрæсейы Нымæцон рæзты министрад. Тынг бирæ фембæлдтыты архайдтой, информацион технологиты къабазы дæсны специалисттимæ ныхас кодтой, бæстæйы нымæцон рæзты фарстатæ æвзæрстой.

Форум-равдысты фæзмæ æрбацыдысты Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Дмитрий Чернышенко**, нымæцон рæзты, бастдзинады æмæ дзыллон коммуникациты министр **Максут Шадаев**. Пленарон æмбырд "ИТ, телеком, Интернет: национ лидертæ сæхæдæг куыд рæзынц, къабазы рæзтыл куыд ахадынц"-ы бацархайдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар хæдивæг Æгъуызарты Мурат.

Йæ раныхасы Дмитрий



Чернышенко куыд загъта, афтæмæй бæстæйы размæдзыдыл 2030 азмæ тынг фæбæрæг уыдзысты национ 5 нысаны. Нырмæ дæр ис раппæлинаг бæрæггæнæнтæ, нымæцон рæзты схызтыстæм 74 процентмæ. Онлайн-хуызмæ раивтам социалон æгъдауæй ахадгæ лæггæдтæ, информацион технологитыл схардз кодтам 540 миллиард сомы. Паддзахадон лæггæдтæ исынц 109 милуан адæймаджы.

Уыцы бонты Цæгат Ирыстоны равдыстытæ дæр баст уыдысты информацион технологитимæ. Йæ фæзуатыл Æгъуызарыфырт скодта цалдæр фембæлды Цæгат Кавказы федералон зылды регионты минæвæрттимæ. Бацыд ма иннæ субъектты равдыстытæм дæр. Республикæ рæгъмæ рахаста туризмы рæзтимæ æмæ Цæгат Ирыстоныл транзитон транспорт цæуынимæ баст дыууæ егъау проекты.

БУТАТЫ Эльзæ

Медицинæ

Уавæрон центр скусдзæн

Дзæуджыхъæуы Республикон клиникон рынчындоны бындурыл кусын райдайдзæн зæрдæйы низты уавæрон центр.

Центры специалисттæ æппæт кардиологон службæйы куыстмæ цæст дардзысты, бæрзонд артериалон æлхъывдадимæ рынчынты ласыны тыххæй дзуапп дæтдзысты, стæй зæрдæйы низтæй сæйæг адæмы номхыгъд араздзысты.

— Ног кусæндоны фæрцы зæрдæйы æмæ дадзинты низты аххосæй мæлынады къæпхæн кæй фæныллæг уыдзæн, ууыл зæрдæ дарæм. Зæрдæйы низты фæдыл медиктæм æвæстиатон фæдзырдты фылдæр хай "10" службæмæ кæй хауы, уый нымайгæйæ, тагъд медицинон æххуысы специалисттæй зæрдæйы низты уавæрон центры куыст фæнывыл кæныны фæдыл фиппаинæгтæ æмæ фæндæттæм æнхъæлмæ кæсдзынæн. Уавæрон центры фæрцы уыдзæн зæрдæйы низтæй сæйæг адæмы номхыгъд æнæкъуыхцыйæ аразыны æмæ ацы рынчынтæн медицинон æххуысы къæпхæн фæуæлдæр кæныны фадат, — загъта нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан.**

ДАТИТЫ Ольгæ

Дзырды фарн

...искæй фæллой хæрын тæригъæд у.

ГÆДИАТЫ Секъа

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **20 январы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **5-6 градусы хъарм ,** Дзæуджыхъæуы — **8-11 градусы хъарм .**

Боны дæргъ — 09,29

Хурыскаст — 07,27
Хурныгуылд — 16,56

Валютæйы аргъ

Доллар — 88,41
Евро — 96,23

12+

Иумæйаг архайд

Æхсæнадон штаб

Ахуырадон æмæ æхсæнадон проекттæ æххæст кæныны, мастер-класстæ аразыны æмæ интернеты фæрцы комкоммæ уагæй ныхас кæныны фадат кæм уыдзæн, Дзæуджыхъæуы байгом æхсæнадон æххуысы ахæм штаб.

Официалон уагæй штаб гом кæныны кадæн арæзт æмбырды ныхас кæнгæйæ, Цæгат Ирыстоны Сæргъæлæууæг, политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы регионалон хайады нымæрдар **Сергей Меняйло** загъта:

— Нæ бартæм гæсгæ, не 'ппæты — сенаторты, депутатты, республикæйы хицауады уæнгты æмæ æхсæнадон организациты раздзогты — хæс у Райгуырæн бæстæйы æмæ цæгатирыстойнæгты фæрныгады сæраппонд кусын. Адæймаг кæцы партийы уæнг у, уый нæ нымайгæйæ, штабы хæс у дзыллæты иукæнынады центр суæвын. Иумæйагæй нын æппæт фарстатæ алыг кæнын бантысдзæн.

Регионы разамонæг сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинойнæгтæн æмæ æххуысгæнæг активисттæн раарфæ кодта. Æхсæнадон æххуысы штабы фæрцы хицауады минæвæрттæ æмæ дзыллæтæн уыдзæн кæрæдзиимæ ныхас кæныны, стæй граждайнаг фæндæттæ иртасыны фадат. Штабы араздзысты тематикон фембæлдтытæ æмæ алыхуызон мастер-класстæ. Уæлдай фылдæр æргом здахдзысты ног регионты цæрæг адæмæн æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы фарстатæм.

"15-æм регион"

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Æргом ныхасы къæм нæй

"Цæгат Ирыстоны уазæгдæттæ" — федералон программæ. Уæдæ, æндæр куыд?

Интернеты авналæнты фæрцы уайтагъд адæмыл хабæрттæ айхъуысынц. Уæдæ куыд? Мæнæ, дам, Дзыгъисы туристтæ сыгъдæг бынаттæ счъизи кодтой, уымæн уæнæн хъуамæ ма уа, зæгъæ, рафæдис сты. О, æцæгдæр, афтæ у. Фæлæ алы 'рдыгæй нæ разамынд туристты нымæцы рæстыл куы дзурой, уæд ма хъуамæ фæбæрæг кæной. "Туалæттæ", оммæ, уазæгдæттæ, санитаркæ уæттæ кæмыты сарæзтой, уыдæттæ дæр.

О, æцæгдæр, нæ хицауад ирон газет нæ кæсынц, нæ зоныц кæсын, фыссын. Цыфæнды куы ныффыссай, уæддæр æй нæ бакæсдзысты. Æндæр нæ газет æцы фарстайы тыххæй бирæ хæттыты фыста, мæнæ ма хицауады роухуаты аззайы. Уæвгæ, хъæрм кабинеты бадгæйæ, æмбырдтæ арæзгæйæ, уырдыгæй баиуварæн ис фадатджын уазæгдоммæ... Дзыгъисы фидæрттæ цæмæн счъизи кодтой зæрбацæвуæг адæм? Уымæн æмæ не ссардтой æндæр бынат, алы ран къудзитæ, стыр дуртæ най. Кæм æрæвæвгой сæ кæх, сæхи кæм баиуæн кæной?

Ау, æвæгай азты дæргъы уыцы-иу тыхстдзинадыл æмбæлæм, æмæ йæ бынатæй æнкъуысгæ дæр нæ кæны. Нæ бон, æвæццæгæн, нæу уазæгдæттæ æрæзын, федералон хицауæды бон у сæрмагонд программæ сæразын, йæ ном "Цæгат Ирыстоны уазæгдæттæ", æмæ йæ царды рауадзын. Гукк, фехъусут нæ! Республикæ туристтæй æмæзмæлд кæнын куы райдайа, уæд сæ уазæгдон, санитаркæ уæт æгæрыдмæ кæддæм

> *Ау, æвæгай азты дæргъы уыцы-иу тыхстдзинадыл æмбæлæм, æмæ йæ бынатæй æнкъуысгæ дæр нæ кæны. Нæ бон, æвæццæгæн, нæу уазæгдæттæ æрæзын,*

Æз мæ уацхъуыды сæргонд афтæ схуыдтон, газет "Рæстдзинад"-ы куы бакастæн сæйраг редакторы хæдивæг, дæсны журналист Бутаты Эльзæйы æрмæг, уæд, æмæ мæн дæр æрфæндыд, куыд Кировы районы хистæртæй иу, афтæ Æрджынарæджы фæндагсар Уастырджийы кувæндон арфæйаг, табуйаг бынат кæй у, уый тыххæй мæ хъуыдытæ зæгъын. Уый раджы заман æрæнцадис Æрджынарæджы, бур къардиуы сæрмæ цы чысыл сарагонд уыдис, уый бын. Заманхъулæй, Кæрдзыны хъæуæй арæх уазæгуаты Елхотмæ цыдис бирæ адæм, уыдон-иу сæхи бафæдзæхстой Уастырджийыл, кæй зæгъын æй хъæуы, нуазгæ дæр æмæ-иу хæргæ дæр бакодтой, фæлæ сæ фæстæ æфснайд нæ цыдис. Куыд фæстæмæ кувæндон æхгæд æрцыдис. Абон дæр йæræзты чи фæцæуы, уыдон сæ худтæ сисынц æмæ сæхи ныффæдзæхсынц Æрджынарæджы Уастырджийыл.

Елхоты хистæрты бафæндыд фæзмæ æрхæссын кувæндон, цæмæй ма хъуыса, Эльзæйы загъдау, Дзывгъисы кой куыд райхъуыст, ахæм цаутæ.

Хъаныхъуатæ кадджын мыггаг сты канд Елхоты нæ, фæлæ æнæхъæн Ирыстоны дæр. Хъаныхъуаты Хъуырманы фырт Таймураз йæ цардæмбал Изетæимæ сфæнд кодтой кувæндон сног кæнын. Таймураз Кæрдзыны хъæу æмæ Елхоты цæрджытæй сарæзта хорз актив, уымæн æмæ дзы уыдис тынг бирæ куыст. Фыццаджыдæр, бынат расыгъдæг кодтой, стæй уæд бавнæлдтой арæзтадон куыстытæм. Æз æргом ныхас уымæн кæнын, æмæ Хъуырманы фыртæн Ирыстон æмæ сыхаг республикæйы дæр бирæ ис зонгæтæ, æмæ фембырд кодта бирæ арæзтадон æрмæг. Кувæндон саразыныл бирæ хæрдзтæ бахъуыд, æмæ сæ йæ бинонтимæ æххæст кодта.

Æрджынарæджы Уастырджийы кувæндоны сыгъдæгдзинад, цы бæстыхæйттæ дзы арæзт æрцыдис, уыдон аивдзинадæй зæрдæ рухс кæны. Зæдбадæнæн дæр разамынд дæттын хъæуы, æрвылбон æм цæст дарын хъæуы.

Таймураз йæхицæй куыд домаг у, афтæ домы кувæндоны сыгъдæгдзинадыл архайджытæй дæр, æмæ цæхæртæ уымæн калы.

Бирæтæй фехъусæн ис, Хъаныхъуаты кувæндон æй цæмæн хонæм, зæгъгæ. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, кувæндон у фæндагсар Уастырджийы номыл, аразгæ та йæ скодта Хъаныхъуаты Хъуырманы фырт Таймураз йæ бинонтимæ, æмæ йæ дзырддаг кæныны бæсты йæ фарсмæ балæууын хъæуы. Ам цы æхцайы фæрæзтæ, мысайнæгтæ æрæмбырд вæйиы, уыдон хардзгонд цæуынц æхсæз кусæгыл, электрон тыхæн бафиды, арæх цæстуарзон æххуыс бакæны сывæллæтты рæвдауæндæттæн, скъолатæн, фæкæсинаг бинонтæн рафыссы, куыд районы газет "Размæ", афтæ "Рæстдзинад" дæр.

Автотрассæмæ у тынг хæстæг, фæндаггонтæ арæх баздæхынц сæхи Уастырджийыл ныффæдзæхсынмæ, æмæ сæ фæндар рауайы сæхи фæндиаг. Таймураз сын кæддæриддæр зæрдиаг арфæ ракæны æмæ сын фæзæгъы, фæндараст ут, зæгъгæ. Ноджы ма ам æрвылаз сентябры вæйиы нæртон куывд дæр.

Дзæгъæл ныхасы бæсты хуыздæр уаид Таймуразæн арфæйы ныхæстæ зæгъын, уымæн æмæ у арфæйаг. Бафæзминаг у Ирыстоны кувæндтæн се 'ппæтæн дæр. Æз ацы æрмæг уымæн ныффыстон, æмæ чидæртæ афтæ фæрсынц, Таймураз, дам, ын хицау цæмæн у. Фæлæ, уæлдæр куыд загътон, афтæ, уый у йæ алы хъуыддагыл дæр зæрдиаг архайæг.

Иу арфæйаг хъуыддагæн ма æнæ зæгъгæ нæй. Нæ намыс джын фæсивæдæй бирæтæ архайынц Украинæйы сæрмагонд операцийы. Уыдон хъайтардзинадæй разы у Уæрæсейы Президент В. Путин æмæ нæ Гæрзифтонг Тыхты министр С. Шойгу. Уыдон арфæйы ныхас загътой нæ республикæйы Сæргъæлæууæг Сергей Меняйлойæн сæ хъæбатырдзинады тыххæй. Кæрдзыны хъæуккаг æрыгон læппу Будзиты Мисикъо ныр дыккаг аз архайы Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы, ацы азы дзы уæззау цæф фæци æмæ уыдис йæ хæдзары, куы сдзæбæх, уæд фæстæмæ ацыдис. Æмæ йæ мад Мдзийамæ чырæг телефонæй афтæ радзырдта:

— Æз мæхи фæндагсар Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ баздæхтæн фæндагмæ хæстæг Æрджынарæджы кувæндонмæ. Иу хæрзконд, ацæргæ læг мæ размæ рацыдис, Таймураз, зæгъгæ, йæм дзырдтой. Æмæ куы базыдта, Украинæйы хæсты архайæг дæн æмæ фæстæмæ уырдæм цæуын, уый, уæд мæ бафæдзæхста фæндагсар Уастырджийыл, æмæ, Хуыцауæй разы, дæн дзæбæх. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй уый уыдис, уыцы бæстыхæйттæ сарæзæг, бæлвырддæр зæгъгæйæ, кувæндоны разамонæг. Мæ зæрдæ йын зæгъы бирæ хорздзинæдтæ, æнæниздзинад.

Елхотаг læппу мын афтæ радзырдта, Таймураз, дам, кувæндон сæхи хоны. Æвæццæгæн, уыцы ныхасы æцæгдзинад кæй ис, уый алы æрбацæуæджы дæр бауырндзæн.

Таймураз адæмæн кæны хорздзинæдтæ, кæд йæ æнæниздзинад иу чысыл фæцудыдта, уæддæр йæ архайд у кувæндоны аив æмæ сыгъдæгдзинадыл. Кæмæдæрты раст нæ кæсы, кувæндон йæхи кæй хоны уый, фæлæ ма фысты дзугæн дæр разамонæг куы вæйиы. Таймураз цы хорздзинæдтæ сарæзта йæ бинонтимæ табуйаг бынаты, уыдон фенынмæ æмæ фæндагсар Уастырджийыл хи ныффæдзæхсынмæ ардæм чи саккаг кæны, уыдон ын стыр арфæ ракæнынц. Дзæгъæл ныхасæн та уым бынат нæй. "Гæды, дам, фиумæ не 'ххæссыд æмæ йæ мархо хуыдта".

БОГАЗТЫ Арсæмæг, Ирыстоны кадджын ветеран

Аудынад

Гуманитарон æххуыс

Стъараполы æрбынæттонуæвæг Цæгат Кавказы федералон университеты студенттæ æмæ ахуыргæнджытæ æрæджы сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн радон хатт арвыстой гуманитарон æххуыс — хойраг, хостæ, сыгъдæггæнæн фæрæзтæ æмæ хъарм уæлæдарæс (æдæппæт — 2 тоннæйæ фылдæр).

Уымæй уæлдай, федералон ахуыргæнæндоны студенттæ æфсæддон службæгæнджытæн сарæзтой æмбæхсæн хызтæ æмæ блиндажон мыдадзын цырæгътæ.

— Фæстаг дыууæ азы дæргъы нæ университеты коллектив сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ ног регионты цæрæг адæмæн æрæмбырд кодта цалдæр тоннæйы бæрц гуманитарон æххуыс. Уымæй уæлдай, æмбæхсæн хызтæ æмæ акъоппон мыдадзын цырæгътæ аразыны фæдыл сæдæ акцийæ фылдæр баххæст кодтам. Нæ бæстæйы кад хъахъхъæнæг, не 'фсæддонтæн, дарддæр дæр æххуыс кæндзыстæм, — загъта университеты ректор **Дмитрий Беспалов**.

Гуманитарон æххуыс кæмæн барвыстой, сæрмагонд нысаниуæджы уыцы 25-æм хицæн гвардион полчъы æфсæддон службæгæнджытæ ахуыргæнæндонæн аудынады тыххæй бузныг загътой.

"Æххуысы тыхæй уын арфæ кæнæм. Рох нæ кæй нæ кæнут, уый нын æхсызгон у. Уæ бæллицтæ уын баххæст кæндзыстæм æмæ уæм æнæмæнг уæлахизмæ æрбаздæхдзыстæм", — фыст ис видеоныхасы.

Фиппаинаг: федералон университеты æфсæддон ахуырадон центр кæй сарæзта, гуманитарон æххуысы фылдæр хай æрæмбырд кодтой ахæм акци "Æрдзыл аудгæйæ, Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн æххуыс кæнæм"-ы фæрцы.

САУТÆТЫ Тамилæ

Бынæттон хиуынаффæйад

Горæты уынгты нывылад

Дзæуджыхъæуы специалисттæ горæты уынгты рухскæнынады 15 мин иуæджы баивтой ног электрон тых фæстауæрцгæнæг рухсдиодон цырæгътæй (уый у муниципалон иугонды рухскæнынады 90 проценты).

— Проект кæй æххæст кæнæм, уый фæрцы микрорайон "Ног горæт"-ы уынгты рухскæнынады системæ скуыста. Нырыккон технологитæй пайда кæныны фæрцы горæты уынгты рухскæнынады системæ нывыл кæныны фæдыл энергетикон лæггадкæнынады фидыд Дзæуджыхъæуæн нымад у ахадгæдæр инвестицион проекттæй иуыл. Проект æххæст кæныны фæрцы уыдзæн электрон тыхыл хæрдзты бæрц æхсай проценты фæкъаддæр кæныны, стæй транспорт æмæ фистæг бæлццæтæн æдасдзинады иумæйаг къæпхæн фæуæлдæр кæныны фадат, — загъта Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргъæлæууæг **Милдзыхты Вячеслав**.

Фиппаинаг: электрон тых фæстауæрцгæнæг технологитæ скусын кæныны фæстæ ист фæстауæрцгонд фæрæзты хардзæй инвесторы хæрдзтæ кæй бафидынц, уымæй фидыд иннæ фидыдтытæй хицæн кæны.

БÆЗЗАТЫ Алинæ

Барад

Хъæуы хицауæн — тæрхон

Муниципалон исбонады тыххæй закъонæвæрынады домæнтæ куыд æххæст кæнынц, уый сбæлвырд кодта Горæтгæрон районы прокуратурæ.

Куыд рабæрæг, афтæмæй 2018 азы июнæй æндæразы январы онг Джызæлы администрацийы сæргъæлæууæг хæдзарадон чингуытæй æнæзакъонæй кæй радта, уыцы фыстæджытæм гæсгæ, 9 адæймагмæ зæххы хæйтты фæдыл бартæ уыд, афтæмæй ацы адæймагтæм æцæг уагæй амынд бартæ нæ уыд.

Фæстæдæр уыдон мæнг рафыстыты бындурыл зæххы хæйтты фæдыл исбонады бар срегистраци кодтой.

Амынд æвæлтæ нымайгæйæ, прокуратурæ тæрхондонмæ кæй барвыста, уыцы куырдиæтты фыст уыд афтæ: "Зæххы хæйтты фæдыл исбонады бары паддзахадон регистраци нымад æрцæуæд мæнгыл, фыстытæ исбонады иугонд паддзахадон номхыгъдæй иппæрдгонд, стæй æнæзакъон хицæуттæй ист æрцæуæнт".

Тæрхондон прокуроры æппæт домæнтыл сразы.

Слестгæнæг оргæн хъæуы администрацийы сæргъæлæууæгыл Уголовон кодексы 292 статьяйы 2 хаймæ гæсгæ кæй сарæзта, уыцы уголовон хъуыддæгтыл æрныхас кæнгæйæ, тæрхондон хъæуы хицауы фæивар кодта 330 мин сомæй, стæй йæ 15 мæйы æмгъуыдмæ хицауады минæвары хæстæ æххæст кæныны куыстимæ баст бынæттон хиуынаффæйады оргæнты бынæттæ ахсыны барæй фæцух кодта.

ХЪАРАТЫ Каринæ

Хъомылад

Фидæнмæ мæнг сагъæстимæ цæуæн нæй

(æнæ национ хъуыдыйæ адæмæн уæвæн нæй)

Алы адæмы æхсæн дæр ис, национ иудзинадыл зæрдæйæ чи тыхсы æмæ йæм йæхи пайдайы цæстæй чи нæ кæсы, ахæмтæ. Цыфæнды бæстæйы адæмты тыххæй дæр ныхас куы фæцæуы, уæд уый æмбарын хъæуы афтæ: нацийы бындурæвæрæг дзыллæ æмæ йын йæ хъаймагъ чи хæры, уыцы "тæрхоны лæгтæ".

Ахæм къордты архайд алы адæмтæм иухуызон у: æнæраст хъуыддæгтæй исбон скодтой, бæрзонд сбадтысты æмæ сæхицæн радтой, бæстæйы фæллойæн хи бакæнын æмæ разамынд дæттыны бар. Уымæ гæсгæ уыцы къордтæм алыхаттдæр вæйиы сæ бынтæ бахъахъхъæныны цымыдистæ (фæлмæнæй йæ зæгъæм афтæ). Уыдонæн иумæйагæй ницы ис бæстæ æмæ адæмы лыггæнинаг фарстытимæ. Уымæ гæсгæ сæм нымады никуы уыдзæн цаварæдæр "национ хъуыды". Сæ кæфхъуындарон фæндтæн пайда чи нæ уа, уый ныхмæ уыдзæн сæ тох æппыныдзух дæр. Абоны рæстæг "нырыккон уæздæтты" — ног ирæтты (кæс: тугцъиртæ) дих кæнынц дыууæ къордыл: иутæн сæ къухы ис хицауад, иннæтæн та — бæстæйы фæллой. Фыццæгтæн сæ нысан у фæллой скæнын, цалынмæ сын фадат ис, уæдмæ; иннæтæ та сæ фæллойы фæрцы тырнынц æмæ бырсынц хицауады сконды бынæттæ бацахсынмæ. Дыууæ фыры хуызæн фæйнæрдæм фæцæуынц, æмæ кæрæдзи куы ныггуыпп кæнынц, уæд сæ цæхæрæй мæгуыр адæм басудзынц.

Сæ исбон æмæ барады фæрцы "куыдз æмæ гæды" куыд хъазой, афтæ фæсивæд æмæ 'взонгадимæ хиирхæфсæнтæй сæхицæй тыхстхуыз адæм аразынц. Æмæ уыдон куы "сræгъæд" вæйиынц, уæд сын "национ хъуыдыйы" бæсты баппарынц алыхуызон ("патриотон", "динон", "спортивон", кæнæ æндæр исты "онтæ") хъæзтытæ. Цæмæй нæ адæммæ æцæг патриотон æнкъарæнтæ ма гуырой, уый тыххæй нæ мыхуыры фæрстæ, радиохъусынады уылæнтæ, телеуынынады экрантæ æмæ интернеты хызæртæ байдзаг сты алыхуызон æнæкæрон сериалтæ, æнæпайда телеравдыстытæ æмæ радиобакастытæй. Æмæ дзы кæй сæр нæ разындзæн, кæй хъæлæс нæ райхъуысдзæн?!. Уыимæ цъыф калынц Фыдыбæстæйы хæсты Стыр Уæлахизыл, раст адæм æмæ патриоттыл. Алыхуызон æдылы, æнæсæрфат, æнæбындур хъуыдытæ парахат кæнынц адæмы æхсæн — импери саразын, ног паддзах равзарынæй — бæстæ фараст хайыл ныддихтæ кæныны онг. Цыма райсом паддзах куы равзараæм, уæд АИШ æмæ Ныгуылæйнаг бæстæтæ сæ санкцитæ аивдзысты, уый хуызæн. Хуыцау хорз æмæ нæ бæстæйы ивгъуыд æнусы нæуæдзæм астæ фæсте аззадысты, æндæр та исты фыдбылыз æрцыдаид нæ дзыллæйыл.

Нæ бæстæйæ динон паддзахад кæнæ монархи саразынмæ чи сиды, уыдоны адæмы мæт æппындæр нæй: сæ нысан у дины æххуысæй дзыллæйы æнæразыдзинад иннæрдæм аздахын, цæмæй та, раздæрау, æвæуæндын райдайой "фидæны рухс цардыл", Хуыцауы паддзахадыл æмæ афтæ дарддæр. Афтæмæй та — цыфæнды дин хъахъхъæны æмæ парахат кæны цагъарад (раб божий, раба божья...) æмæ уымæ гæсгæ цæуы алы хицауады зæрдæмæ дæр. Фæлæ диссаг та куыд нæ у, дунейы цытджын фæнды иу тынг вазыгджын хъуыдыйыл: абон адæймаг цыдæриддæр кæны, уый кæны, фыццаджыдæр, йæхи тыххæй. Фæлæ дзыллæйы минæвæрттæ æхсæнады мидæг сæ хæстæ сыгъдæгзæрдæйæ куы æххæст кæной, уæд сæ архайд пайда хæссын райдайы "иннæтæн" дæр. Цæмæй ахæм цардыуаг ныффидар уа нæ бæстæйы, уый тыххæй схæцын хъæуы уæлæмæ нæ экономикæйыл. Æмæ уæд адæмы цард дæр зынгæ фæхуыздæр уыдзæн. Æрмæст нефт, газ æмæ хæцæнгарз уæй кæнынæй уæлдай нæ хицауады агурын хъæуы æндæр фæрæзтæ æмæ мадзæлттæ дæр. Уымæн æмæ уыцы хуызы цы пайда райсæм, уымæн йæ фылдæр хай бамидæг вæйиы фæсарæнты æмæ дзы нæ экономикæйы рæзт, кæнæ нæ адæмы царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн ницы фæпайда вæйиы.

Цæмæй ахæм домæнты бындурыл амад программæ адæмæн ахъаз кæнын райдайа, уый тыххæй уæлæмæ сисын хъæуы æппæт æхсæнады фæткæвæрдадон æмвæзад. Æнæ уымæй æхсæнадæн йæ бон нæ бауыдзæн, Ельцины рæстæджы сæфт чи æрцыдис, уыцы этикон нысæнттæ сæ бынаты сæвæрынæн. Нæ бæстæйы знæгтæ æнæрлæвгæ цъыф калынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытыл, халынц æдзард хæстонты цыртдзæвæнтæ æгас Европæйы паддзахадты дæр. Советон Цæдис æмæ Германы нацистты æмхуызон нымайынц дыккаг дунеон хæст ракъахджытыл. Ельцины дуджы сæ сæр цы идеологтæ сдардтой, уыдон нын дæнцæг хæссынц Солженицынæй, уæйгæнæгæй. Уыйбæрц цъыф ничи фæкалдта нæ Цытджын Цæдисыл. Фæрахæт-бахæт кодта алыхуызон бæстæтыл, æппынвæстаг, æрбынæттон АИШ-ы Вермонты Штаты. Ныгуылæн идеологийы сæрхъуызойтæ дзы йæ рæстæджы хорз спайда кодтой, уый фæстæ никæйуал хъуыд æмæ ферох ис... Йæ уавæр куы бамбæрста, уæд сфæнд кодта фæстæмæ Уæрæсемæ æрбаздæхын. Здæхгæ та æрбакодта нæ бæстæмæ Дард хурскæсæнырдыгæй. Цæугæ та кодта поезды æмæ æнæфенгæ нæ фæцис, бæстæ æмæ адæмтæ цы уавæры скуыси сты, уый; паддзахады сæхи бакодтой, ахæстон рагæй кæмæ куыдта, уыдон. Афтæ зæгъæн ис Сталины чызг Светланæ Аллилуевайæ дæр. Фыццаг уыд æмæ ауæй кодта йæ фыды — 'аивта йæ мыггаг. Уый фæстæ ауæй кодта йæ Райгуырæн бæстæ, йæ сывæллæтты сидзæрæй ныууагъта, афтæмæй фæлыгъд фæсарæнтæм. Уымæй дæр спайда кодтой, стæй уый дæр ферох æмæ йæ цард фæци Лондоны мæгуырдоны. Уæйгæнæг разынд йæ чызг Ольгæ Петерсон дæр — иу хатт дæр йæ мады мæгуырдоны нæ бабæрæг кодта. Цыбыр ныхасæй, цы агуырдта Светланæ, уый ссардта.

> *Адæймаг йæ фæстаг къæхтыл куы слæууыд æмæ ивгъуыдыл йæ къух куы систа, уæдæй фæстæмæ хъуыды кæнын райдыдта йæ фидæныл. Уыцы зондахаст дзыллæйы кæны кæрæдзимæ хæстæгдæр æмæ сæ рох кæнын нæ уадзы, адæм кæй сты, уый. Æнæ уыцы æнкъарæнтæй аразæн нæй удгоймаджы ахастдзинæдтæ дзыллæимæ.*

Адæймаг йæ фæстаг къæхтыл куы слæууыд æмæ ивгъуыдыл йæ къух куы систа, уæдæй фæстæмæ хъуыды кæнын райдыдта йæ фидæныл. Уыцы зондахаст дзыллæйы кæны кæрæдзимæ хæстæгдæр æмæ сæ рох кæнын нæ уадзы, адæм кæй сты, уый. Æнæ уыцы æнкъарæнтæй аразæн нæй удгоймаджы ахастдзинæдтæ дзыллæимæ. Уымæ гæсгæ тырнын хъæуы, алчидæр йæ læдæжыхъæд сæрибарæй кæм æвдиса, ахæм цардыуагмæ... Æххæстдзинадмæ тырнгæйæ, уыдон агурынц фæткæвæрдадон сыгъдæгдзинад. Рæстдзинадыл æвæуæндын ирон адæмæн сæ туджы ис, æмæ йæ уымæ гæсгæ, цæсты гагуыйау, хъахъхъæнын хъæуы. Ивгъуыдмæ нæ цæстæнгас здахгæйæ, мах дисы бацæуæм фыдæлты сæрибармæ бæллынадæй, хъысмæтыл æвæуæндыдад æмæ сæ кадылмардæй. Абон куыд сбæрæг, афтæмæй уыдонæн мин азты дæргъы сæ царды бындур æвæрд æрцыдысты æппæтадæмон хæзнатæ. Уыцы зонындзинæдтæ сын гом кодтой сæ удыхъæд, ногæй нывæстой сæ сурæт. Алы адæймаджы сурæтæн дæр ис мид æмæ æддагон мидис. Уыдоны сæйраг нысан у хи æххæст сурæт нывæндын. Адæймаджы архайд ын ивы йæ цардыуаг, йæ куысты уаг, йæ цæстæнгас, йæ уынынад. Фæлдзусад æххæст кæны адæймаджы бæллиц æмæ йын уæнгрог кæны йæ уагæвæрд æмæ йæ мидсæрибар.

ХОЗИТЫ Барис

Цæрæнуæттæ

Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ

"Россия-24" телеканалы ныхас кæнгæйæ, ДОМ.РФ-йы генералон директор Виталий Мутко куыд загъта, афтæмæй, уæвæн ис, æмæ ацы аз нæ бæстæйы ногарæзт хæдзæртты æргъты рæзт фæсындæг, дыккаградон базары квадратон метры аргъ та фæаслам уыдзæн.

Хицауы бынатахсæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, ныры экономикон уавæр, стæй афæдзы астæу льготон ипотекæйы архайдæн кæрон кæй сæвæрдзысты, бинонты ипотекæйы архайды æмгъуыд та хицауад кæй адаргъ кæндзæн, ацы азы рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ цæттæ кæнгæйæ, уыдæттæ нымаинаг сты.

Нæ уацхæссæг

"Рæстдзинад"-ы уазæг — газет "Хурзæрин"

Фарн æмæ уæлахизы фидиуæг

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, иунæг адæмыхатты дæр æххæст адæмыл банымайæн нæй, сæхи культурæ, æвзаг, литературæ, аивад сын куы нæ уа, уæд. Уый раджы бамбæрстой нæ фыдæлтæ дæр æмæ кæд мæгуыр цард кодтой, мидхæст, стæй та Фыдыбæстæйы Стыр хæст сæ сæфты къахыл ныллæууын кодтой, уæддæр сæ ных ахуырмæ, рухстауæн куыстмæ сарæзтой. Адæм æй бамбæрстой, æнæ ахуырæй, чиныгæй уырыссаг адæмы 'хсæн фесæфдзысты, размæ никуы рацæудзысты.

Уымæ гæсгæ, мидхæсты хæд фæстæ, уыцы уæззау мæгуыр заман, 1924 азы 1 январы Хуссар Ирыстоны фæзынд ирон газет "Хурзæрин". Уæдмæ Цæгаты дæр æмæ Хуссары дæр ирон æвзагыл цы цалдæр газеты фæзынд, уыдоны рæстæджы уылæнтæ аныхъуырдтой, цæрæццаг дзы ничи разынд "Хурзæрин" æмæ "Рæстдзинад" йеддæмæ. Уыдон кæрæдзи фæдыл рацыдысты иу азмæ.

Газеты рацыд уыд рæстæджы домæн, талынг, æнахуыргонд адæмæн æцæг хурыскастау. Æвдыста ног царды æнтыстытæ, йæ фæрстыл мыхуыр цыдысты дуджы ивæнтæ, ахуырад æмæ сæудæджеразы рæзт, тох кодта зæронд, æппаринаг æгъдæутты ныхмæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман Советон Æфсады æнтыстытæ, разæнгардæй мыхуыр кодта ирон классикты уацмыстæ.

"Хурзæрин"-æн йæ фыццаг редакторæй æвзæрст æрцыд ахуыргонд æмæ æхсæнадон архайæг **Плиты Арон**. Уый фæстæ дзы алы азты редактортæй куыстой **Беджызаты Чермен, Уалыты Димитр, Гасситы Исмел æмæ Виктор, Гаглойты Аким, Зассеты Филипп, Цхуырбаты Никъала, Голоты Владимир, Джиоты Солæман, Куымæридтаты Алыксандр, Тедеты Павел, Мулдарты Таймураз, Харебаты Леонид, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Хуыгаты Анатоли, Гæбæраты Юри, Цгъойты Аринæ, Биазырты Роланд**...

Адонæй, зæгъæн ис, сæйраг редакторæй курдиатджын фыссæг **Гæбæраты Юрийæ** фылдæр ничи бакуыста. Газеты сæргъы æрлæууыд суанг 90-æм азты кæрон, уыцы тыхст æмæ гæвзыкк заман æмæ дзы фæкуыста æрæджыйы онг. Гæбæрайы-фырт йæ хæдивæг Биазырты Роландимæ скодтой æнгом, куыстхъом коллектив, стыр бавæрæн, бирæ ногдзинæдтæ бахастой газеты куыстмæ æмæ арфæйаг уæд. Газеты куыст куыд зын æмæ бæрнон у, уый ничи бамбардзæн, уым чи нæ бакуыста, уыдонæй. Фæлæ, цыфæнды уавæрты дæр, газет æнæкъуылымпыйæ цыд кæддæриддæр.

"Хурзæрин"-ы алы рæстæджыты куыстой зынгæ ирон фысджытæ Дзугаты Гиуæрги, Асаты Реуаз, Гафез, Мæргъиты Къоста, Гæбулты Мелитон, Харебаты Леонид, Букуылты Алукси, Козаты Исидор, Бекъойты Елиоз, Нартыхты Григол, Гаглойты Григол, Къæбысты Зауыр, Хъазиты Мелитон, Пухаты Петро, Плиты Феликс, Хуыгаты Уасил, Гобозты Валери, Габуты Хазби, Гæбæраты Тенгиз...

Сæ рæстæджы газеты куыстмæ стыр æвæрæн бахастой фæлтæрдджын журналисттæ: Гæджиты Степан, Дзуццаты Димитр, Тасойты Баграт, Дыгъуызты Гриша, Гуыбеты Юри, Туаты Шота, Хуриты Гиви, Уалыты Лизæ, Гасситы Моисей, Хозиты Петр æмæ бирæ æндæртæ. Адонæй абон бирæтæ не 'хсæн нал сты æмæ рухсаг уæнт!

Бирæ цæлхдурты сæрты рахызт газет. Дугимæ ивта йæ ном дæр. Йæ райгуырды рæстæджы йыл æвæрд æрцыд ном "Хурзæрин", фæлæ 1930 азæй 1954 азмæ ивд æрцыд "Коммунист"-æй. 1954 азæй 1991 азмæ йæ схуыдтой "Советон Ирыстон". Фæлæ цæдис куы ныппырх, уæд та уыцы ном дæр дуджы домæнтæн дзуапп нал лæвæрдта æмæ та 1991 азæй абоны онг хæссы йæ раздæры ном -"Хурзæрин". Кæд йæ нæмттæ ивтой, уæддæр йæ нысан, йæ мидис никуы аивта.

Мæн зæгъын фæнды, газет мын мæхи царды дæр цы стыр бынат бацахста, уый тыххæй. Никуы хъуыды кæнын Гуырдзыстоны цæргæйæ дæр æмæ йæ нæ бинонтæ нæ рафыстой, фæстæдæр ма сыл бафтыд Цæгат Ирыстоны мыхуыр дæр. Бирæ мысинæгтæ мын ис йемæ баст. Уæд, æвдайæм, æстайæм азты хуынд "Советон Ирыстон". Дард Къахеты-иу хурыскастау уыд газеты фенд, цыдæр фарн нæм хаста, баста нæ Ирыстонимæ. Æрхъæцмæ-иу нал лæууыдтæн постхæссæджы æрбацыдмæ æмæ-иу йæ размæ фæлыгъдтæн, цæмæй газет тагъддæр мæ къухы бафта. Абон дæр ма сæ хъуыды кæнын, уæд газет цæуылты фыста, уыцы мидисджын æрмæджытæй бирæтæ. Кæд нырма скъолайы ахуыр кодтон, уæддæр-иу дзы мæхи æрмæджытæ дæр арæх фæзындысты. Иу чысыл дæр кæд ирондзинадмæ, журналистикæмæ исты бар дарын, уæд мын уым стыр ахъаз фæцис "Хурзæрин".

Кæй зæгъын æй хъæуы, газет мæгуыр заманы фæзынд, мидхæсты, стæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг йæ зындзинæдтæ дæр бирæ уыдаиккой, фæлæ къаддæр мæгуыры бонтæ нæ арвыстой 90-æм азты дæр. Хæстарыд, æнæрухс горæты, уазал æмæ æххормагæй, цалдæргай мæйты æнæмыздæй, уæддæр йæ рæстæгыл цыд газет. Дзæнæтыбадинаг Дзуццаты Хадзы-Муратæй-иу арæх фехъуыстон, сæ уазал кусæнуæтты бадгæйæ-иу сæ къухтæ руаджы газет у мидисджын, ис дзы алыхуызон тематикон æрмæджытæ нæ абоны цард æмæ ивгъуыдыл. Уæлдæр ранымад кусджытæй дæр æмæ ныры уæттæй дæр кæд исчи ферох, уæд хатыр курын.

"Газеты рацыд уыд рæстæджы домæн. Уæды заманы адæмæн сæ фылдæр хай æнахуыргонд уыдысты, се 'хсæн хъуыд рухстауæн куыст æмæ арфæйаг хъуыддаг куыд бандæвтой æмæ æрмкъухты куыд фыстой. Уæдæ ма сæ газет уадзынæй уæлдай хъуыд сæ бинонты дарын, æхсæвбонмæ дзул æлхæнынмæ рады лæууын, дон, хæринаг, дзаума амал кæнын. Уыцы уавæрты уым чи фæкуыста æмæ хуыздæр цардагур йæ сæр чи нæ бафснайдта, уыдонæн удæгасæй дæр цыртдзæвæнтæ сæвæрын æмбæлы. Æцæг патриоттæ уыдон уыдысты. Ирыстон ахæм адæймæгтæй хъæздыг у. Ахæмты руаджы цыфæнды уавæрты дæр газет нæ фесæфт æмæ цæуы абон дæр. Газет адæмы цард æвдисæг айдæн у æмæ уый бахъахъхъæнын — арфæйаг хъуыддаг.

Абон "Хурзæрин" йæ зæрин балцы æрхæццæ йæ сæдæ азы бонмæ. Йæ куырыхон кары бацыди. Сæдæ азмæ газет цас сарæзта, уыдон зын ранымайæн сты. Газеты раздæры фæлтæрдджын кусджытæ сæ фарн, сæ ном ныууагътой газеты. Абон дæр йæ уадзыныл зæрдиагæй кусынц йæ коллектив, разамынд ын дæтты йæ сæйраг редактор, курдиатджын журналист Дамбегты Иринæ йæ хæдивæг Биазырты Роландимæ. Сæ куыст æнæкъуыхцыйæ æххæст кæнынц бæрнон нымæрдар Дзебысаты Гуло, йæ хæдивджытæ Гуыцмæзты Евелинæ æмæ Æлборты Агуындæ, журналисттæ Джиоты Екатеринæ, Осиаты Индирæ, Хуыбиаты Никъала, Гæззаты Иван, Бестауты Валя, Джиоты Алыксандр, Джусойты Нинæ, Уазæгты Марфа, Цхуырбаты Ларисæ, Къæбулты Маринæ, Танделаты Виленæ, Кокайты Зæринæ... Корректортæ Лалыты Ленæ, Джиоты Фатимæ, Хуыгаты Миленæ, Дыгъуызты Зæринæ, тæлмацгæнæг Цыбырты Анжелæ, техникон кусджытæ Дриаты Лейлæ, Гæбæраты Мæдинæ, Уалыты Алисæ, Чертхъоты Жаннæ... Адоны сарæзтой уæды интеллигенци. "Хурзæрин" сæм канд ног хабæрттæ нæ хаста, фæлæ сæ ахуыр кодта кæсын æмæ фыссыныл. Уымæ гæсгæ, йæ нысаниуæг стыр уыд. Ахæм газеты сæргъы куы æрлæууæй, уæд дзы дæ размæ чи фæкуыста, уыдоны арфæйаг традицитæ дарддæр хъуамæ хæссай. Нырма афтæ бирæ нæма кусын æмæ мæ фæндтæй мæ къухы саразын бирæ нæма бафтыди, фæлæ архайæм. Ам бирæ хорз адæм кусы, ис нæм ветерантæ. Уыдон мын дæттынц ныфс, сæ фæлтæрддзинад. Фæлæ, хорз уаид, кæстæртæ нæм арæхдæр куы цæуиккой. Æнусон ничи у æмæ фидæнæн ног фæлтæр куы нæ схъомыл кæнæм, уæд нæ куыст цы у. Зæгъын ма мæ фæнды абоны зындзинæдты тыххæй: адæм гæххæтты мыхуырæй ахызтысты электронон хабархæссæг фæрæзтæм, уый аххосæй, хъыгагæн, газетæн йæ тираж бынтондæр æрхаудта. Хицауады, стæй адæмы 'рдыгæй нын æххуысгæнæг куы нæ уа, уæд нын тынг фæзын уыдзæн", — загъта газеты сæйраг редактор Дамбегты Иринæ.

Хурыл дæр, дам, сау тæппытæ вæйиы. Газеты куысты, кæй зæгъын æй хъæуы, ис аиппытæ дæр. Хорз уаид, алы журналист дæр исты темæ куы райсид æмæ йыл мæй иу хатт сæрмагонд тематикон фæрстæ куы аразид, æндæр газетты куыд у, афтæ. Кæнæ, газет раздæрау йе 'ргом фылдæр куы аздахид нæ фыдæлты рагон хабæрттæм. Хъуыды кæнын рубрикæ "Сахълæу". Уый бынмæ мыхуыргонд цыдысты расыггæнджыты, магусаты, давджыты ныхмæ хъæлдзæг æрмæджытæ æмæ-иу сæ нысаныл сæмбæлдысты. Уыцы традицитæ сног кæнынæй бирæ фæхъæздыгдæр уаид газеты мидис.

Æмæ, мæнмæ гæсгæ, сæйрагдæр та у Цæгат Ирыстоны газет "Рæстдзинад"-имæ æнгомдæр бастдзинæдтæ сфидар кæнын. Рæстæгæй-рæстæгмæ кæрæдзийы æрмæджытæй сæрмагонд фæрстæ аразын. Ивгъуыд азты "Рæстдзинад" æмæ "Хурзæрин"-æн уыд пайдайаг æмгуыстады бастдзинæдтæ, фæрнæйдзаг традицитæ. Æрвылаз дæр коллективтæ æмбæлдысты куы Хуссар, куы Цæгатаг хайы, сæ газетты фæрстыл мыхуыр кодтой кæрæдзийы æрмæджытæ. Уыцы æмгуыстадæн уыд стыр хъомыладон æмæ патриотон нысаниуæг. Фæлæ, хъыгагæн, фæстаг азты уыцы арфæйаг æгъдау бамынæг. Фæлæ та дыууæ азы размæ уыцы арфæйаг хъæппæрис сног кодтой "Хурзæрин"-ы уæды сæйраг редактор Гæбæраты Юри æмæ "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барис**. Мæнмæ гæсгæ, уыцы традици хъæуы дарддæр хæссын.

Стæй ма мæ бафæрсын фæнды мæхи æмæ газеткæсджыты номæй: Цæгат Ирыстоны цæрджытæн "Хурзæрин" рафыссæн цæуылнæуал ис? Цалдæр азы размæ газет посты каталогтæй ист æрцыд. Посты амы разамынд нын куыд загътой, афтæмæй Хуссар Ирыстон сси хæдбар паддзахад æмæ сæ цæмæй Уæрæсейы мыхуыры каталогмæ бахæссой, уый тыххæй гæххæттытæ саразын хъæуы Мæскуыйы. Аразгæ та йæ хъуамæ скæной Хуссар Ирыстоны æмбæлгæ оргæнтæ. Редакторæй иууыл уæлдæр хицауы онг кæмæн нæ балæгъстæ кодтам, кæмæ нæ фæцыдыстæм, ахæм нал баззад, фæлæ абоны онг дæр уавæр нæ аивта. Баззадысты Цæгат Ирыстоны цæрджытæ æнæ газетæй.

Абон кæд техникæйы дуг у, кæд мыхуыры кад бирæбæрцæй æрхаудта, уæддæр ма йæ ирон фарны уидæгтæ зæрдæйæ чи уарзы, ирон мыхуыр зынаргъ кæмæн у, ахæмтæ бирæ ис æмæ уый рох кæнын нæ хъæуы. "Хурзæрин"-æн та йæ 100 азы бон нæ зæрдæ зæгъы сфæлдыстадон æнтыстытæ. Хуыцау æй Ирыстонмæ фарны хабæрттæ хæссæг фæкæнæд.

ХЪУЫЛАТЫ Созырыхъо

"Хурзæрин"

Талынг, мæйдар æхсæв сусæг хуыснæгау
Тар кæмттæй айста йæхи...
Хæхтæ сæууон рухсмæ рагон æфсæдтау,
Арвмæ ивазынц сæхи.

"Хурзæрин, "Хурзæрин", — сæрвæтæй зары,
Цингæнгæ хохаг фыйыау.
'Гас дуне уымæн йæ зæрдæ æмбары,
Зарæгыл не 'вæры фау.

Бирæ зындзинæдтæ, бирæ фыдбонтæ
Равдыста махæн нæ дуг.
Знагимæ тохы æрвыстам нæ бонтæ,
Барыл лæвæрдтам нæ туг.

"Хурзæрин"! Абон фыдæхсæв фæтæрдзæн,
Махæн та байсдзæн нæ маст...
"Хурзæрин"-ы фæстæ хур дæр скæсдзæн!..
Цæйут, нæ фæндаг уæд раст!

ХАРЕБАТЫ Леонид

Арфæйагæн — арфæ

Ды дæ мæнæн сыгъдæг зæрин,
Мæ буц газет, мæ "Хурзæрин".
Хуссар Ирæн — йæ фидиуæг,
Æмæ ноджы йæ дидинæг.
Зилыс хъæугай Иры зæххыл,
Кæддæриддæр боны цъæхтыл.
Алы ирон хæдзарæн дæр
Ды бахойыс йæ рудзгуытæ...
Бахæссыс æм фæччийыдзаг
Ирон дзырдæн йæ фæрдгуытæ...
Сыгъзæрин дæ, сыгъдæг зæрин,
Мæ уды цин, мæ "Хурзæрин".
Дæуæй буц у нæ Иры зæхх
Æмæ йын ныр дæ ныхас зæгъ.
Афон дын у, Иры бæстæ,
Баиу кæнай дæ къабæзтæ!
Ды дæ махæн сыгъдæг зæрин,
Дæ ныхас зæгъ, нæ "Хурзæрин"!
Бакæндзæн нын стыр æхху́ыс
Нæ ныфсы лæг — стыр Уырыс!
Ды дæ махæн сыгъдæг зæрин
Нæ удлæууæн, нæ "ХУРЗÆРИН!"

ХЪОТАЙТЫ Мария,
Хуссар Ирыстоны информаци æмæ мыхуыры комитеты сæрдар:

Мæнмæ гæсгæ, "Хурзæрин" иннæ газетты 'хсæн ахсы сæйраг бынат. Уымæн æмæ нæ мадæлон æвзагыл у. Йæ равзæрдæй фæстæмæ стыр бавæрæн бахаста ирон æвзаджы рæзтмæ. Ацы газеты фæкуыстой Ирыстоны зынгæ фысджытæ, кæцытæ йæ фæрстыл æвдыстой нæ адæмы цинтæ æмæ хъыгтæ алывæрсыгæй. Уыдонæн газетæй сæ фарн макуы хъуамæ фесæфа. Ныфс мæ ис, сæ кад сын абоны кусджытæ дарддæр кæй хæсдзысты.

Уый ма мæ фæнды зæгъын æмæ цард ныртæккæ у хæццæ, зын, адæм сты тыхст. Ахæм уавæрты коллективы 'хсæн хатт алцы дæр рауайы, кæм быцæу ныхас, кæм зæрдæхудт æмæ уыдон хъæуы мидæгæй, аскъуыддзаг кæнын. Алцы æддæмæ скъæфын аив нæу.

Чидæриддæр ацы газеты кусы, уыдонæн зæрдæбын арфæ кæнын йæ 100 азы юбилейы фæдыл. Ног аз сын бирæ хæрзтæ æрхæссæд!

КЪÆБЫСТЫ Павел,
Цхинвал

Газет куы рацыд, уæд дзы мæ фыд дæр акуыста. Уæды заман газеттæ чи нæ ista, ахæмтæ бирæ нæ уыд. Кæм уыд уæд интернет, телефонтæ æмæ адæм информаци уырдыгæй истой. Се 'ппæт кæсын дæр нæма зыдтой, фæлæ чи зыдта, уыдон æй иннæтæн кастысты. Раздæр азты Чъребайы цардис бирæ гуырдзиæгтæ, сомихæгтæ, дзуттæгтæ æмæ диссаг уый у, уыдон дæр-иу кæй рафыстой "Хурзæрин". Уарзæм æй, зæгъгæ-иу, сæ ныхас уыд æмæ-иу æй искæмæн кæсын кодтой. Газет, уæлдайдæр ирон газет, афтæ кадджын уыд æмæ дзы фæтæгены бæсты пайда кæнын никæй цæст уарзта. Стыр хæзнайау сæ æвæрдæй дардтой.

Æз мæхæдæг, мæ сабибонтæй абоны онг, никуы фæцух дæн мæ уарзон газетæй. Уымæй дарддæр ма исын "Рæстдзинад" дæр. Арфæ кæнын "Хурзæрин"-ы кусджытæн газеты 100 азы юбилейы фæдыл. Уæ сисы бырынкъæй æвзæрдзинад адæмы тæрхонмæ куыд хæссат, арфæйаг, хорз хъуыддæгтæ та цæвиттонæн, ахæм арфæ уын мæ зæрдæ зæгъы.

ДЖИГОЛАТЫ Иван,
Дзæуджыхъæу

Газет "Хурзæрин" мæ хæлар у мæ сабибонтæй фæстæмæ. Нæ фæразын æнæ ирон газет. Иухатт улæфынмæ уыдтæн Абхазийы сæйраг горæт Сухумы. Дыууæ бынæттон лæгимæ дзы фæзонгæ стæм. Иу рæстæджы бацыдыстæм библиотекæмæ. Мæ зонгæтæ библиотекæйы кусæг чызгæн сæхи 'взагыл цыдæртæ адзырдтой. Уый ауад æмæ мæм æнæхъæн тыхтон æрбахаста "Советон Ирыстон" æмæ "Рæстдзинад"-ы газеттæ. Мæнæн сæ фенд афтæ æхсызгон уыд, раст цыма хæдзары мæ бинонты 'хсæн февзæрдтæн. Куыд мын радзырдтой, афтæмæй нын нæ газеттæ истой уырдæм.

Æцæг, стыр хъыгагæн, цалдæр азы æнæхай фестæм нæ уарзон газетæй. Нал æй ис рафыссæн, систой йæ посты каталогтæй. Кæдæм нæ фæцыдыстæм, кæдæм нæ фæхъаст кодтам, ахæм нал баззад, фæлæ нын æй нал раздæхтой. Йæ юбилеймæ нын исчи уыцы хорздзинад куы скæнид, цæмæй та нæ хæдзæрттæ фæзына. Йæ коллективæн та газеты юбилейы фæдыл мæ зæрдæ зæгъы сабыр арвы бын кусын æмæ сфæлдыстадон æнтыстытæ.

Фарс
бацæттæ кодта
ДЖУСОЙТЫ Нинæ

Цæгат — Хуссар: сфæлдыстадон бастдзинæдтæ

"Фатимæ" æмæ "Парфюмер" — цхинвайлаг сценæйыл

Хæстæгдæр бонты Бетъырбухы Мариинаг театры цæгатирыстойнаг филиалы сфæлдыстадон къорд цыбыр гастролон балцы ацæуджæн Цхинвалмæ. Ахæм сфæлдыстадон проект æххæстгонд цæуы Мариинаг театры аивадон разамонæг — директор ГЕРГИТЫ Валерийы хъæппæрисæй.

Ныв балет “Фатимæ”-йæ

СУАНТЫ Валери

Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон театры сценæйыл дзæуджыхъæуккаг артисттæ равдисдзысты дыууæ спектаклы — балеттæ "Фатимæ" æмæ "Парфюмер. Уарзондзинады кадæр". Ацы дыууæ спектаклы дæр схонæн ис, Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг филиалы фæстаг рæстæг цы спектаклтæ æвæрд æрцыд, уыдонæн сæ ирддæртæ æмæ цымыдисагдæртæ.

Фыццаг — национ балет "Фатимæ" æвæрд æрцыд зынгæ композитор Плиты Жаннæйы музыкæйы бындурыл, дыккаг та — "Парфюмер. Уарзондзинады кадæг" — зындгонд немыцаг фыссæг æмæ сценарист Патрик Зюскинды романы бындурыл. Дыууæ спектаклыл дæр бакуыстой, цæгатирыстойнаг филиалы сæйраг балетмейстер **Суанты Валери** разамынд цы сфæлдыстадон къордтæн лæвæрдта, уыдон.

Балеттыл бæстон куысты, режиссер, артисттæ æмæ къордты иннæ уæнгты удуæлдай архайд æмæ мидхъуырдухæнты фæрцы аивадуарзджыты размæ рахастой зæрдæмæхъаргæ, тæмæнтæ калгæ фæлгонцтæ... Хетæгкаты Къостайы поэмæ "Фатимæ"-йы æрмæгыл фыст балет у хæдбындур национ уацмыс, карзæй дзы æвдыст æрцыдысты цард æмæ мæлæты ныхмæлæуддзинад, уарзондзинады хъомыс æмæ гадзрахатдзинады фæстиуджытæ. Къостайы поэмæйы трагедийы тæваг композитор йæ курдиатæй фæхъомысджын кодта зæрдæагайгæ симфонион музыкæйæ... Уæдæ, "Парфюмер"-ы сюжет дæр йæхимæ раздæхта аивадуарзджыты æргом. Спектаклмæ чи бакаст, уыцы адæм уайтагъддæр фæбæрæг кодтой дæсны хореографи, аив декорацитæ æмæ балеты архайджыты рæсугъд уæлæдарæс... Æппæт уыцы æвæуæлты фæрцы "Парфюмер" сæрттывта ног ахорæнтæй.

Ныр та Мариинаг театры артисттæ уыцы спектаклтæ рахæсдзысты хуссарирыстойнаг аивадуарзджыты рæгъмæ — 22 январы театрдзаутæ фендзысты балет “Фатимæ”, 24 январы та — балет “Парфюмер. Уарзондзинады кадæр”. Сфæлдыстадон балцы агъоммæ аныхас кодтам театры дзæуджыхъæуккаг филиалы сæйраг балетмейстер Суанты Валериимæ.

Валери нын куыд радзырдта, афтæмæй театры артисттæн ахæм ахсджиаг гастролон балц Цхинвалмæ уыдзæн фыццаг. "Ацы иумæйаг сфæлдыстадон проект æххæст кæнæм Мариинаг театры филиалы аивадон разамонæг Гергиты Валерийы хъæппæрисæй. Уыцы æвæуæл ныл æвæры ноджы фылдæр бæрндзинад, цæмæй æппæт хъарутæй дæр бацархайæм цхинвайлаг театрдзауты ма фæфыдæнхъæл кæныныл, сæ зæрдæтæ сын нæ аивадæй фæцагайыныл. Рагæй æмæ бæрнонæй цæттæ кæнæм нæхи Хуссармæ балцмæ. Ацы гастролтæ нын куыд ахсджиаг сты, уымæн æвдисæн у æрмæст нæ делегацийы уæнгты нымæц дæр — Цхинвалмæ абалц кæндзысты 75 адæймаджы. Мæ зæрдæ дарын, хуссарирыстойнаг адæм Мариинаг театры артистты архайдæй разыйæ кæй баззайдзысты, ууыл", — бафиппайдта Суаны-фырт.

Нæ ныхасы кæронбæттæны Валери куыд загъта, афтæмæй дзы ныфс ис, ацы проект Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, стæй, дыууæ республикæйы сфæлдыстадон коллективты 'хсæн бастдзинæдтæ кæй фæхъомысджындæр кæндзæн, ног иумæйаг программæтæ саразынæн ахъаз кæй фæуыдзæн, уымæй.

СЛАНТЫ Аслан

Ныв балет “Парфюмер. Уарзондзинады кадæр”-æй

Бакæс, базон

Цæмæй страусы айк къуыдырвых скæнай, уый тыххæй йæ фыцын хъæуы дыууæ сахаты.

❋❋❋

Иу милуан доллæры купюрæтæй иугай доллæртæй ласдзæн иу тоннæ.

❋❋❋

Номдзыд уырыссаг поэт Корней Чуковскийы æцæг мыггаг æмæ ном — Николай Василийы фырт Корнейчуков.

❋❋❋

АИШ-ы адæм фылдæр мæлынц, тамако кæй дымынц, уый аххосæй. Уæрæсейы цæрджытæн та сæ зианхæссæг у карз ноз т.

❋❋❋

Цæмæй адæймаг уыцы иу рæстæг хур æмæ арвæрдын уына, уымæн æй бахъæудзæн сæрмагонд оптикон æвгтæ.

❋❋❋

Дунейы æппæты хæцагдæр куыдз у немыцаг овчаркæ.

❋❋❋

Китайæгтæ сæ дæндæгтæ сæрмагонд пастæ æмæ щеткæйæ не 'хсынц, фæлæ сæ дæндæгтæ ранхъæвзынц цъæх цайæ.

❋❋❋

Австриаг пианист Пауль Витгенштейнæн йæ рахиз къух алыг кодтой фыццаг дунеон хæсты рæстæг. Фæлæ уæддæр рахиз къухæй дæр иттæг хорз цагъта. Æмæ йæ ном айхъуыст дунейыл.

❋❋❋

Бразилийы цæрджытæ сæхи найынц бон 3-4 хатты. Уазæгуаты сæм куы бацæуай, уæддæр хъуамæ фынгыл æрбадыны размæ дæхи фысымтæм цынайай.

Алагиры районæй

Фæндаджы æдасдзинадæн

Алагиры районы фæндагон-транспортон фыдбылызтæ не 'руадзыны тыххæй РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады Паддзахадон автоинспекци æхсæнадон советы уæнг Ханайты Таймуразимæ архайдтой профилактикон мадзал ''Фистæгцæуæг''-ы.

Фæндагон-патрулон службæйы хицæн взводы инспектор Датиты Хъазыбег æмæ Таймураз, хæдтулгæскъæрджытæ æмæ фистæгцæуджытимæ ныхас кæнгæйæ, дзырдтой, фæндагыл цæуыны фæтк фехалыны фæстиуджытæ уæззау кæй сты, арæх уый аххосæй æвирхъау цаутæ кæй æрцæуы.

Мадзалы сæйраг нысан уыдис профилактикон куыст фæкарздæр кæнын, хæдтулгæскъæрджытæ æмæ фистæгцæуджытæ фæндаджы змæлды фæтк ма 'руадзынмæ цæст дарын.

Иу хатт дæр ма сидæм хæдтулгæскъæрджытæм. Рагацау-иу уæ цыды хъæд фæсабырдæр кæнут фистæгцæуджыты уаццагмæ æрбахæццæ кæнгæйæ, фæндаг-иу сын радтут. Сывæллæттæм лæмбынæг уæ цæст дарут ахуырадон уагдæттæ,ræвдауæндæттæ, спортивон фæзтæ æмæ фæлладуадзæн бынæттæм хæстæг.

Фистæгцæуджытæ дæр хъуамæ сæ зæрдыл дарой, фæндаджы сæрты рухснысаны кæрдæгхуыз, нысаныл хизгæйæ дæр, афæлгæсын кæй хъæуы, хæдтулгæтæ æрлæууыдысты æмæ уын фæндаг дæттынц, уымæ. Рухснысан кæм нæй, уыцы фæсуынджы сæрты хизгæйæ, къæрцхъус ут, уæ капюшонтæ раласут, кæсынмæ уæ чи хъыгдары, уыцы предметтæ аиуварс кæнут, кæсут фæндаджы зылдмæ. Талынджы пайда кæнут рухсздахæг элементтæй. Уæхи фыдбылызæй хъахъхъæнут!

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады Алагиры районы хайады бастдзинæдты инспектор

Æмбисæндтæ

Уалдзыгон бон афæдз дары.

❄❄❄

Æртæхы сисын — хосдзауы риссын.

❄❄❄

Цæвæг йæхæдæг нæ кæрды.

❄❄❄

Цæвæгыл куы нæ хæцай, уæд хос нæ кæрды.

❄❄❄

Хуыздæр цæвæг — зиууæтты гуымсæг.

❄❄❄

Мæрддзаджы рæхсад.

❄❄❄

Уæллаг галау рæувадæй цæуы.

❄❄❄

Нæ йын къаты бон и, нæ — бæрæгбон.

❄❄❄

Нал æхсæв зыдта, нал — бон.

❄❄❄

Кæндыс куы байтауай, уæд дзы уардитæ не 'рзайдзæн.

❄❄❄

Фыййауы ривæддон — бирæгъты 'рхъавæн.

❄❄❄

Фыййауы фадхос хæрæгæн минас у.

❄❄❄

Фыййау дардмæ уыны.

❄❄❄

Фыййауы зарæгæй фæтæн нæры.

❄❄❄

Фысвосимæ 'рчъиджын лæг хъæуы.

❄❄❄

Уымæн йæ февнæлд арт у, арт.

❄❄❄

Йæ удæй арт цæгъды.

❄❄❄

Йæ уд ыскъуыны.

❄❄❄

Йæ уд хъары.

❄❄❄

Йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны.

Дзырдбыд



Дзуаппытæ 13 январы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ:
9. Уацхæссæг. 10. Зæххъæдур. 11. Къуда. 12. Æхсæнад. 15. Сæрак. 18. Тæрных. 20. Æндах. 21. Скъуда. 23. ”Усгуртæ”. 25. Мæнгард. 27. Æрвад. 28. Куывд. 31. Дзымари. 32. Хъызлар. 35. Æнæлаз. 37. Туман. 38. Фæрдыг. 40. Халас. 42. Америкæ. 45. Æмбис. 49. Мæрддзæст. 50. Гæдыбæлас.

БЫНЫРДÆМ:
1. Рагъ. 2. Аходæн. 3. Аст. 4. Хæрх. 5. Гæда. 6. Ехс. 7. Бæлæгъ. 8. Тута. 13. Сæнк. 14. Нуар. 16. Тхотю. 17. Асгæл. 19. Æхсæрдзæн. 22. Дурæвзалы. 24. Ударм. 26. Гауыз. 29. Прозæ. 30. Къофи. 33. Дунæ. 34. Дани. 36. Луандæ. 39. Рæмпæг. 41. Арæн. 43. Маст. 44.... къæм... . 46. Ивар. 47. Азу. 48. Пыл.

ФÆРСЫРДÆМ: 2. Хъæддаг маргъ. 9. Уæрдоны хай. 10. Хуынхæссæн дзаума. 12. Диссаджы уадындз. 13. Згъæр. 14. Артаг. 17. Литературон жанр. 19. Хæлафы хай. 20. Цæрджыты радон нымад. 22. Амонд йæ хъахъхъæнæг... æвзæрæн! (Къоста). 24. Къухылхæцæджы æмбал. 26. Бæлас. 30. Фæлгонц, хуызист. 31. Биноныг адæймаг. 33. Хæрзиуæг. 36. Хæмпæлгæрдæг. 37. Хæрынæн бæзгæ хъæддаг зайæгой. 39. Хъуыстгонд, номдзыд. 40. Фæлитой. 42. Къодах. 45. Хæринаджы хъацæн. 47. Хæццæ, æмтъеры. 48. Арткалæг хох Ираны. 51. Лыстæг цæрæгой. 52. Азиаг паддзахады сæйраг горæт. 53. Æнтъыснæг, æрхæндæг, ныфссаст. 54. Хъæдгом.

БЫНЫРДÆМ: 1. Хос амад. 3. Буары хай. 4. Сугтæн бынат. 5. Адæймагæн пайдахæссæг цæрæгой. 6. Арæзтадон æрмæг. 7. Нымæц. 8. Сæры хай. 9. Зетийы фых луаси. 11. Къуымæл. 15. Грамматикон хауæн. 16. Ирон хæринаг. 18. Сæнхæссæн мигæнæн. 21. Хъуджы лæппын. 23. Хор. 25. Тас. 27. Хъæддаг маргъ. 28. Хъуыддаджы лæг æндæр хæдзармæ, адæммæ. 29. Дымгæйы бардуаг ирон мифологийы. 32. Хъуымац. 34. Æнус. 35. Обау, къуыбыр. 36. Фæз. 38. Хиконд суар. 41. Кæсаг. 43. Æрдзон донуат. 44. Æнæмад кæннод æнæфыд. 45. Бæрæчет. 46. Удгоймаджы улæфæн оргæн. 49. Лæнк, тæрф, дзыхъхъ. 50. Цуанон куыдз. 51. Тыхджын дымгæ.

Газеткæсджыты сфæлдыстад

Мæ бæлццон

Бинонты уазæг у, цардæн йæ бындур!
Арф æй æвæрæм зæрдæйы рæбын.
Хистæрты фарнæй нæ бæласы уидаг,
Буц кæстæртæн нын рæсугъд фæд дæтты...

Абон нæ Иры хъайтардæр кæстæртæ
Тохы быдыры ныфсджынæй хæцынц.
Хистæрты кад сын сæ тыхæн тых дæтты,
Мадæлты уарзт та сæ хъармдæр кæны.

Иры хъæбултæ, уæ хорзæхæй, курын,
Цардыл ма, фидар цæугæйæ, хæцут!
Фидар бæласау, уæ уидæгты тыхæй
Тохы быдыры уæлахиз кæнут.

Нарты фæдонтæ стут, тохы кæстæртæ,
Кад æмæ намыс уæ туджы цæуы.
Зонут, уæ уарзон бинонтæ 'æрвылбон
Тынг уæм сымахмæ æнхъæлмæ кæсынц.

ТЕДЕТЫ Альбинæ,
43-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг

Газет "Рæстдзинад“

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2976.
Заказ № 51.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru